दिन—शुक्रवार दिनांक—12.07.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्र सरकार पच्चीस जून के संविधान हत्या दिवस घोषित कयलक अछि। पच्चीस जून उन्नैस सय पचहत्तरि के तत्कालीन प्रधानमंत्री इंदिरा गांधी देश मे आपातकालक घोषणा कयने छलीह। गृहमंत्रालय एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि।

---

पूर्व अग्निवीर लोकनि के केन्द्र बलक नियुक्ति मे दस प्रतिशत आरक्षणक लाभ भेटत। सीमा सुरक्षा बल, केन्द्रीय रिजर्व पुलिस बल, केन्द्रीय औद्योगिक सुरक्षा बल आ सशस्त्र सीमा बल एहन केन्द्रीय बलक प्रमुख लोकनि कहलनि जे पूर्व अग्निवीर के आयु मे छुट भेटत आ हुनका लेल कोनो शारीरिक दक्षता परीक्षा नहि होयत। अग्निपथ योजना पर बहस के मध्य केन्द्रीय बल ई घोषणा कयलक अछि।

---

राज्य सरकार गया, मुजफ्फरपुर आ भागलपुर मे मेट्रो रेल परियोजनाक लेल सात सय दू करोड़ टाकाक मंजूरी देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्यमंत्री मंडलक बैसार मे पटना, मुजफ्फरपुर, गया, भागलपुर, दरभंगा आ पूर्णियां मे इलेक्ट्रॉनिक बस सेवा शुरू करबाक प्रस्ताव के सेहो स्वीकृति प्रदान कयल गेल।

---

नीट पेपर लीक मामिला मे हजारीबागक ओएसिस स्कूलक प्राचार्य अहसानुल हक आ उप प्राचार्य इम्तियाज सहित चारि गोटे के सीबीआई रिमांड पूरा भेला पर हुनका पटनाक बेउर जेल पठा देल गेल। हिनका लोकनि के पूछ—ताछ लेले ब्यूरोक मुख्यालय दिल्ली लऽ जाओल गेल छल। जाँच सँ पता चलल जे पटना मे खेमनीचक स्थित एक प्ले स्कूल सँ जप्त आंशिक रूप सँ जरल प्रश्न— पत्र राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी सँ प्राप्त प्रश्न पत्र सँ मिलैत अछि। एहि प्रश्न पत्रक श्रृंखला के हजारीबागक कल्लू चौक स्थित ओएसिस स्कूलक केन्द्र पर पठाओल गेल छल।

———————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे लगातार बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे सीतामढ़ी, औरंगाबाद आ पूर्वी चंपारण जिला मे कतेको ठाम भारी बरखा भेल अछि। सीतामढ़ीक ढ़ेंगराघाट मे सभ सँ बेसी एक सय तीस मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे मधुबनी, सुपौल, सीतामढ़ी, शिवहर, सीवान, कैमूर, गोपालगंज आ किशनगंज समेत  तेरह जिला मे भारी बरखा हेबाक संभावना अछि। ओतहि, राज्यक शेष भाग मे आंशिक अथवा मध्यम स्तरक बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

नेपालक तराई क्षेत्र मे भऽ रहल बरखाक कारणे गंडक, बागमती, कमला बलान, कोसी, महानंदा आ अधवारा समूहक नदी उफान पर अछि। गंडक नदीक जलस्तर गोपालगंजक डुमारियाघाट मे खतराक निशान सँ चौहत्तरि सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कयल गेल अछि। बागमती नदीक जलस्तर रून्नीसैदपुर आ बेनीबाद मे लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। कमला बलान नदीक जलस्तर मधुबनी मे लाल निशान सँ बीस सेंटीमीटर ऊपर अछि। कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा मे खतराक निशान के पार कऽ गेल अछि, जखनकि, सुपौलक बसुआ मे लाल निशानक लऽगपास बनल अछि। महानंदा नदीक जलस्तर पुर्णियांक ढेंगराघाट आ कटिहारक झावा मे खतराक निशान सँ ऊपर रिकॉर्ड कयल गेल। परमान नदीक जलस्तर अररिया मे लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि।

———————————————————————————

नदी सभक जलस्तर बढ़ला सँ प्रदेशक कतेको जिलाक निचला क्षेत्र मे बाढ़ि आबि गेल अछि। कोसी तटबंधक भीतर ढोली, बनैनिया, बलथरवा, कटैया, तकिया, उग्रीपट्टी, करहरी, आ छपकी समेत दर्जनों गाम मे बाढिक पानि पसरि गेल अछि। पूर्वी कोसी तटबंधक भीतर पैंतालीस नावक परिचालन कयल जा रहल अछि। भागलपुर जिलाक रंगरा प्रखंड मे गंगा नदीक कटाव तेज भऽ गेल अछि। जिलाक मदरौनी आ जहांगीरपुरक संग–संग नवगछियाक खरीक सिंगकुंड मे कोसी नदीक कटाव भऽ रहल अछि। कहलगांव प्रखंड क्षेत्रक तौफिल सँ लऽकऽ रानीदियारा धरि गंगाक कटावक सीमा बढ़ि गेल अछि। मधुबनी जिला मे कोसी कमला बलान आ भूतही नदीक बाढ़ि सँ करीब एक लाखक अबादी प्रभावित अछि। जिलाक मधेपुर आ हरलाखी प्रखंड बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि। कबछुआ आ विशनपुर गामक मध्य भूतही बलान नदी पर बनल पुलिया पर पानि अयबाक कारण आवागमन बाधित भऽ

गेल। एकर अतिरिक्त अररिया, कटिहार आ पश्चिम चंपारण सहित आनो जिलाक किछु निचला क्षेत्र मे सेहो बाढ़िक पानि लगबाक संवाद प्राप्त भेल अछि।

---

भागलपुरक तिलका मांझी विश्वविद्यालय आइ अपन पैसठम स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर आयोजित कार्यक्रम मे कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित भेलाह।

---

रेल मंत्रालय यात्री लोकनिक सुविधा लेल जयनगर सँ टाटानगर लेल एक सप्ताहिक एक्सप्रेस ट्रेन चलेबाक निर्णय कयलक अछि। ई ट्रेन शुक्र के टाटानगर से खुलत जखनकि, शनि के जयनगर सँ प्रस्थान करत।

---

पटना उच्च न्यायालय समेत प्रदेशक सभ अदालत मे काल्हि राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल जायत।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।